Ассаламу гӀалайкум!

# АХИХЪАН

№ 39 (7335)
20 сентябрь 2018 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Аппараталъулаб совещание

I9 сентябралда букIана райадминистрацияльул аппараталъул иргадулаб совещание. Гьеб бачана бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьениб балагьиялде росун рукIана муниципалитет цебетIезабиялъе цебеккунисеб данделъиялда кьун рукIарал тIадкъаял тIуран ругеб куцалъул суалазуk.

Финансированиялъул, налогал рачIинариялъул, ракьазул актуализация унеб бугеб куцалъул бицана С. АрулмухIамадовас. Гьес бихьизабухъе росабазул бутIруз жиндир заманалда информация кьолеб гьечIо гьел суалал тIуразариялда хурхун.

ТIадехун рехсарал суалазда тIадчIей гьабулаго ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна гьел суалал тIураялда хурхун тIаса-масаголъи биччарал росабазул бутIрузул хIалтIи хал гьабизе ва щивасе кколеб къимат кьезе кколин. –Жакъа къоялде неформалияб занятосталъул план тIубан буго 72,I %. М. ГIадуевасул бихьизабиялда рекъон индивидуалияб предпринимателазул хъвай-хъвагIай гьабиялъ борхана гьелъул хIасил.

Данделъиялда «Ракьалъул кадастровияб ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул» МКУялъул хъулухъалъул начальник М. МалламухIамадовас бицана Унсоколо бугеб «Ромашка» ясли-ах цIияб минаялде бахъинабиялъе документал хIадури кин унеб бугебали, гьединго ракьалъул кадастровиябгун техническияб документация хIадуриялъулги. «АхIулгохI» мемориалияб комплексалъул бетIергьабилъун гьаризе руго муниципалитет.

Лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиевас тIадчIей гьабуна лъагIалил отчетал кьолел ругин, октябрь моцIалъ 8 классазе тIахьал рачIине ругин, щибал щаматгьатIан къояз школазда олимпиадаби унел ругин.

«Классал хIажаталдалъун хьезарун руго, исана цIалдохъабазул къадар 3376 чиясде бахуна, рачIен лъикIаб буго, лъай кьей республикаялда лъикIазул бакIалда буго».

Мобилизованияб хIалтIул бетIерав специалист П. МалламухIамадовас бицана 25-26 сентябралда мобилизованияб цIали тIобитIизе бугин.

Гьединго информационнияб хIалтIуда тIадчIей гьабуна М. ХIайбулаевасги.

Культураялъул хIалтIул бицунаго ГI. ГIабдулаевас тIадчIей гьабуна нилъер делегация цогидал районазда цере рахъине анин, гIагараб заманалда нилъер районалдаги тадбирал рукIине ругин ва гьезде хIадурлъулел ругин.

Октябралда рукIине руго «Шамилиада», М. Дахадаевасул хIурматалда турнир. Гьеб букIине буго ГьаракIуни росулъ.

Юридическиял сулалгун кIалъана юрист У. Бартыханова.

Школазда тIоритIизе руго коррупциялде данде чIарал тадбирал, эбел-инсул собраниял, райадминистрациялъул хIалтIухъабиги гIахьаллъун.

## Бажари борхизабиялъул занятиял




Гьал къоязда Унсоколо районалъул ГО, ЧС ва ПБялъул отделалъул начальник М. ГIабдулаевас ва Россиялъул РДялда бугеб ОНД ва ПР I3 ГУ МЧСалъул кIудияв инспектор М. ХIусейновас цIа ккеялдаса цIуниялъул темаялда теоретикиял занятиял гьаруна Унсоколо № I ва Шамильхъалаялъул гьоркьохъел школазда. Гьединго занятиязда гIахьаллъана ОБЖялъул преподавателалги. Лъималазда бихьизабуна кин цIа свинабулел алатаздаса пайда босилебали ва цогидалги гьеб свинабиялъе гьаризесел ишазул.

Гьеб гуребги Шамильхъалаялъул тIадеги лъай кьеялъул Ценралда М. ГIабдулаевас ва М. ХIусейновас кьуна ракь багъариялъул (сейсмическияб) хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул темаялда дарс. Гьенибго ракь багъариялъул рахъалъ хIинкъиялда гъоркье кколел гIадамал хвасар гьариялда хурхун гьаризесел хIалтIабазул бицана. Лъималазул кIвар буссинабуна тIоцересел толчкаби байбихьаралго ва аслияб хIинкъи букIиназул заманалда гьаризе кколел къагIидабазул.

Гьел рукIана культуриял хIинкъи гьечIолъиялъул Соналъул хIурматалда тIоритIарал тадбирал. Гьел хадурккунги рукIине руго.

## В. В. Путинил цIи рищарал бутIрузулгун дандчIвай



Гьал къоязда Кремлялда В. Путин дандчIвана Россиялъул Федерациялъул субъектазда рищарал бутIрулгун. Гьенив вукIана РДялда вищарав Владимир ГIабдугIалиевич Васильевги. Президентас гьезда баркана 9 сентябралда тIоритIарал рищиязда гьел рищи ва лъазабуна къокъаб болжалалда хIалтIуде тIаделъизе кколин.

Гьале къокъго В. В. Путинил кIалъай: «ЛъикIаб къо, хIурматиял цадахъ хIалтIулел! Жакъа гьанир гIахьаллъулел руго хIалбихьи бугел ва цIи рищарал субъектазул бутIрул. Баркизе бокьун буго щивасда рищиязда бергьин. Нужее рищиязул тIоцебесеб нухалдаго щвана избирателазул рахъалдасан божилъиялъул мандат. Гьелдалъун ракIалде ккола гьеб бергьенлъи гIицIго байбихьи бугин нужер кIвар бугеб ва кIудияб хIалтIул: нужерго ва нужер командаялъул хIалтIуе,-абун.

Гьарула гьединго кIвараб хIалалъ хехго гъорлъе лъугьа х1алт1уда,-ян. Такрар гьабулеб буго; гIемерисел хIалтIана регионазул нухмалъулезул ишал тIуралеллъун, гьел хIалтIуда гъорлъеги ккун ратила. ГIемерал кIвар бугел масъалаби цере чIун руго нужеда, гьанже кинабго къуват рехизе ккола Россия цIуниялъе, кквеялъе кинабго гьабиялъе!.

Хадуб В. В. Путиница цо-цоккун тIадчIей гьабуна цере чIарал масъалабазда.

## РДялъул Муфтиясухъе - барки

ХIурматт1адег1анав щайих АхIмад-хIажи Афанди!

Унсоколо районалъул Администрациялъул, районалъул Собраниялъул депутатазул ва дирго рахъалдасан къабул гьабе Мун гьавураб къоялда бан ракI-ракIалъулаб барки. ТIадегIанав Аллагьас Дуе кIиябго дунялалда сайгъат гьабеги щулияб сахлъи, талихI!

Дагъистаналда ва тIолабго Кавказалдаго Дур лъикIаб гIамал ва мисалиял ишал къимат кьун бажаруларел руго, Россиялъул уммат лъикIалде ахIиялъе ва хъулухъ гьабиялъе дур щибаб къойилаб хIалтIи щивасе мисаллъун ккана.

Нилъее чияраб экстремистлъиялъулаб идеология нилъее лъикIаблъун бихьизабулеб захIматал санал рукIана Мун муфтияталде вачIараб заман, гьелъ гIезегIанго жанисан гьодор гьарун рукIана Дагъистаналъул жамгIиял кьучIал. Дур гIакълуялъ ва сабруял ишаз Россиялъул Федерациялъул субъектлъун ва тIубараблъун цIунана Дагъистан. Гьарула Дуе гIумроялъул халатал санал ва Дагъистаналда ислам цIуниялъулъ битIккей.

Биччанте гIумроялъулъ Дур захIматалъулаб нух гьайбатал ишаз берцин гьабизе, гьелъ гIадамазе пайда бачIине. Рекъел, лъикIлъи Дуе ва Дур гIагаразе, хIурматияв щайих АхIмад-хIажи.

**«Унсоколо район» МОялъул бетIер**
**ГIиса МухIамадович НурмухIамадов.**

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 39 (7335)*

*20 сентябрь 2018 сон*

2 гьумер

Рахьдал мацI ккола миллаталъул рухI, жиндир унго-унголъунги хIакъикъияб, тарихияб мацI тIагIарав чиясул гьелда цадахъ тIагIуна психология (рухIияб хIал), культура, умумазул хIакъалъулъ ракIалде щвей.

**Д. С. Лихачев.**




Редакторалъул колонка

# Рахьдал мацI цIуничIони, нилъер кьучI кинаб бугеб?

«Россиялъул Федерациялъул лъай кьеялъул Законалда тIад гьарулел хиса-басиял»,-абураб проект къватIибе бачIиндал кинаб букIаниги рекIелъ туркIи ккечIого гьеб къабул гьабизе рортана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатал. Хадуб гIадамазда гьоркьосан гIайиб-гвел щвезе лъугьиндал, бакI-бакIаздасан миллиял мацIазул кIвар бичIчIараз гIайиб-гвел гьабидал, сверун ана гьезул пикраби ва гургинал столазда нахъа миллиял мацIал цIуниялъул бахIсал байбихьана.

Тамашалъи гьабизе бачIана депутатазда, нилъерго мацIги-цIарги, гIадаталги, гIамал-хасиятги цIуничIони, лъида нилъ релъине ругел?,- абураб суал жидедаго цебе лъезедай гьезда бажаруларебги?

Нилъ щивав гIуна магIарухъ, рущана магIарул киниялда, кванана эбелаб ракьалъ кьунщинаб, гьанжельизегIан бицана эбелалъул рахьдада цадахъ нилъее щвараб мацI. Бицана гьеб мацI нилъер цIар рагIарал умумаз – имамзабаз, кIалъана гьеб мацIалда нилъер гIалимзаби, хьвана гьеб мацIалда кучIдул дунялалдаго цIар рагIарал нилъер поэтал Расул ХIамзатовас, ЦIадаса ХIамзатица, МахIмудица ва гIемерал цогидазги. Щиб, нилъ гьездаса лъикIаллъунищ рикIкIунел ругел жакъа мацIалдаса инкар гьабизе бокьараз. Жакъа абуни ДНК гьабичIого эбел-лъимал цоцада лъаларел гIурус къавмалъул мацI би-гьаналъа цIан нахъе нилъерабгоги рехун, гIадахъ босизе ккolин абулеб буго цо-цояз. Доб партиялъул заманалдайин абуни КПССалда ракIалдецин ккечIо миллатазухъа жидерго мацI бахъизе, цIунана гьеб гIадамазги пачалихъалъги.

Жакъа щибха нилъее лъугьараб? Нилъерго кьибилги напсги, гIадат-гIамалги тезе щиб бахилаб лъикIлъи нилъеде бахараб чияр мацIалдасан? ГIицIго нилъедаго ракIалда кколеб буго гIурус мацI бицин культура бугин ва гьеби бицун жив культурияв чи лъугьунев вугин. Кин дилъ гьадинаб пикру бижараб? Школазда жидерго лъималазда рахьдал мацI малъизе бокьарал дагьлъун ругелъул, ай лъималазе бигьалъи цIехон цIарги мацIги лъаларел лъимал нилъерго «культурниказ» гIезарулел рукIиналъ. Щай гьезда ракIалде кколареб кинав инсан лъимадул лъугьинев, гьесул кьучI – авар напсги мацIги лъалеб гьечIони,-абун. Жиндирго гIагараб мацI лъалеб гьечIони, щиб чиясда лъалеб; гIадат-гIамалищ, гIаданлъи, яхI-намусищ, ахир-къадги хвел-хобалъул тIадал жалищ?

Ле, йо, магIарулал! Кире нилъ унел ругел? Дунялалъулго гIадамал бусурманлъулел руго гьаб дунялалъулги доб дунялалъулги кьучI Аллагьасул Къуръаналдаги батун, нилъ абуни «культурияб гIумру» лъималазда малъун абадияб къосиналде гьел тIоритIулел руго. Нилъергоябщинаб нахъе ккараблъун нилъеца бихьизабуни, лъимал лъикIабщиналдаса къосунеблъи щай эбел-инсуда бичIчIулареб? Гьедин бугеб мехалъ, ай депутатаздаги лъикIаб-квешаб бичIчIулеб гьечIеб мехалъ магIарул мацIалдалъунги гьелъул адабияталдалъунги кьолеб тарбияги нилъецаго гурищ тIалаб гьабизе кколеб?!

Миллиял мацIазул бугеб ахIвал-хIал бичIчIарал цо-цо хIакиммахIал гIадамаз гьанже абулеб буго магIарул мацI ясли-ахаздасанго малъизе ккolин. Гьа, малъулеб бугищха? ГIицIго хабарчилъи буго нилъелъ цебетIун. Гьелъ рачунел руго миллиял мацIазул тIахьалцин рахъунгутIиялде. Гьелъул специалисталги хIадурулел гьечIо, чIечIого нахъе бахъизехьин бугеб мацIалъе цIализе гIадамал инищ? Унго кидадай пачалихъалда ва гIадамазда бичIчIилеб мацI халкъалъул кьучIги, культураги, биги-гьанги букIин. Гьеб рухIалъулъа батIа гьабизе бегьунгутIи!

МацIазда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьаниб бицун хабар гIемер гьабизе бокьун гьечIо дие. «БицанагIан хабар, бухьанагIан ракь»,-ян гIадада гурелъул магIарулаз абулеб. Амма кочIол рагIабаз рагIизабизе бокьун буго магIарул мацIги, цIарги, бусурманаб рацIцIалъиги, чилъиялъулаб тIокIкIенги гьечIони, нилъги цо заманалдасан ДНК гьабизе лъугьине бегьулин. Гьеб абуни ккола гIадамалги хIайваналги цого къадруялде ккараб заман.

Рахьдал мацI лъаларев мун  
Кьалбал гьечIеб гьветI ккола,  
Дурго кьибилги турун  
Чиярада ваччарав.

ГIураб бакIги кьучI-нухги  
Биларав ахIмакъ ккола,  
МагIна гIумрудул билун  
Нухкъосуда кIусарав.

ГIурусавинищ хьвалеб  
Хьвай-хьвагIай гьабулаго,  
Гьединасе холелъул  
Ясен хIалаллъилебдай?

Ле, магIарул «культурист»  
Киб бугеб дур чилъи-нух,  
Рахьдал мацI бицанани  
Нахъехунищ гьеб унеб?!




**Бице нужерго пикру.**

## Миграционный пункт ОМВД России по Унцукульскому району информирует граждан о преимуществах получения гос. услуг в электроном виде.

В целях реализации требований Федерального закона от 27.07.2010года № 210-ФЗ «Об организации предоставления государственных и муниципальных услуг» УВМ МВД России поступило к предоставлению государственных услуг и функций в упрощённом порядке.

В целях сокращения сроков оказания государственных услуг в соответствии требованиям с Федерального закона действует система межведомственного взаимодействия посредством Единого портала государственных и муниципальных услуг www. gosusiug.ru, позволяющая избежать необходимости личного обращения в органах внутренних дел и предоставление документов в бумажном виде.

Портал gosusiug.ru – это государственная система, обеспечивающая предоставление государственных и муниципальных услуг гражданам в электронной форме.

Зарегистрировавшись один раз на сайте www. gosusiug.ru, вы получите доступ ко всем услугам портала, в том числе и тем, которые оказываются УВМ МВД России.

В последнее время все больше граждан отдают предпочтение интернету. В современном информационном веке получит государственные и муниципальные услуги можно и посредством использования портала государственных услуг gosusiug.ru.

Подать электронное заявление возможно в любое время независимо от времени суток, праздничных и выходных дней, через любой компьютер, планшет или мобильный телефон, имеющих допуск к сети интернет. Чтобы получить услугу Вам не придется, выходит из дома. Достаточно только отправить электронное заявление и необходимый перечень документов через портал государственных услуг. В дальнейшем вы просто наблюдаете за ходом исполнения своего заявление.

Возможностями портала могут воспользоваться физические и юридические лица, предприниматели и иностранные граждане.

Гражданину для получения государственной услуги по линии УВМ МВД России требуется предъявить минимальное количество документов, как правило, имеющихся у него на руках. Большая часть сведения и документов запрашивается через систему межведомственного электронного взаимодействия в федеральных органах исполнительной власти, где они имеется. Заявление, поданное, электроном в виде обладает, той же юридической силой и влечет за собой такие же юридические последствия, что и заявление поданное лично. После подачи заявление в электронном виде, граждане могут контролировать его статус из своего «личного кабинета» на портале не выходя из дома. В полученном заявлением уведомление будет информация и конкретном времени приема, что позволит избежать ожидания в очереди. Таким образом, граждане имеющие доступ к сети интернет воспользоваться всеми преимуществами быстрого и бесконтактного документооборота и получать необходимые услуги без потери времени и качество.

Преимущество использования портала государственных услуг gosusiug.ru:

- Круглосуточная доступность;
- получение услуги из любого удобного для Вас места;
- доступность сервисов по регистрационным данным портала;
- нет необходимости ждать письменного подтверждения;
- отсутствие очереди;
- присутствие службы поддержки;
- встроенная система оплаты со скидкой 30%;
- отсутствие коррупции, т.к. заявитель не обращается на прямую в ведомство для получения услуги;
- фиксированный срок получения услуги;
- возможность обжалования результатов получения услуги.

При оформлении документов гражданам, подавшим заявление в электронном виде, обеспечивается приоритетный прием. В настоящее время подразделения по вопросом миграции представляют следующие государственные услуги в электроном виде:

- Выдача и замена паспортов гражданина РФ
- регистрация граждан РФ по месту пребывания, по месту жительства и снятие с регистрационного учета по месту пребывания по месту жительство;
- адресно-справочная работа.

За более подробной информацией Вы можете обратиться в миграционный пункт ОМВД России по адресу: Республики Дагестан Унцукульского района с. Унцукуль ул. Мусы Балаханского дом 11.

**И.о.начальника МП. ОМВД России по Унцукульскому району**  
**Гамзатов Ш. М.**

# ОПМ «Пешеход»

В целях профилактики и недопущения дорожно-транспортных происшествий с участием пешеходов на территории Унцукульского района в период с 20 по 27 сентября 2018 года, проводится оперативно-профилактическое мероприятие «Пешеход». Данное мероприятие будет проводиться сотрудниками ОГИБДД по Республике Дагестан. Отделение ГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району напоминает о том, что пешеходы также обязаны помнить о дополнительных мерах предосторожности при переходе проезжей части, не игнорировать правила перехода проезжей части. На нерегулируемых пешеходных переходах пешеходы могут выходить на проезжую часть после того, как оценят расстояние до приближающихся транспортных средств, их скорость и убедиться, что переход будет для них безопасен. При переходе дороги вне пешеходного перехода пешеходы, кроме того не должны создавать помех для движения транспортных средств и выходить из-за стоящего транспортного средства или иного препятствия, ограничивающего обзорность, не убедившись в отсутствии приближающихся транспортных средств. В темное время суток необходимо предпринять дополнительные меры предосторожности, оборудовать верхнюю одежду световозвращающими элементами. Водители соблюдайте скоростной режим! Будьте бдительны!

Притормозите при подъезде к пешеходным переходам и к местам массового скопления людей! Если перед пешеходным переходом остановился или замедлил движение другой автомобиль, продолжать движение можно, только убедившись в отсутствии пешеходов, переходящих дорогу. Лишь совместное соблюдение правил дорожного движения позволит избежать многих несчастных случаев на дороге!

**Нач. ОГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району**  
**майор полиции Мусавузов Р. Н.**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 39 (7335)
Хамиз
20 сентябрь 2018 сон

3 гьумер

**С а д о в о д**

Страница в номере




# ИНФОРМАЦИЯ
# о проведении независимой оценке качества условий оказания услуг организациями социального обслуживания РД в 2018 году

В соответствии с Федеральным законом от 5 декабря 2017 года № 392-ФЗ «О внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской едерации по вопросам независимой оценки качества оказания услуг организациями в сфере культуры, социального обслуживания, охраны здоровья и образования» и постановления Правительства Республики Дагестан от 13 августа 2015 года № 239 «О независимой оценки качества оказания услуг организациями в сфере культуры, социального обслуживания, охраны здоровья и образования» Министерством труда и социального развития Республики Дагестан проводится работа по проведению независимой оценки качества условий оказания услуг в сфере социального обслуживания на обновленных условиях.

В целях создания условий для организации проведения такой оценки Общественной палатой Республики Дагестан с участием общественных организаций сформирован Общественный совет при Минтруде РД по проведению независимой оценки качества, а приказом Минтруда РД утверждено положение о нем. В состав указанного совета вошли исключительно представители общественных организаций, созданных в целях защиты прав и интересов граждан, общественных объединений инвалидов и общественных организаций ветеранов, в частности в указанный состав вошли: Мурзаев Абсалитдин Азимович – председатель общественной организации «Толеранс», Шамилов Магомед Шамилович – руководитель профсоюза сотрудников внутренних дел и прокуратуры республики, Иванов Валентин Игоревич – атаман Кизлярского особого приграничного округа терского войского казачьего общества, Раджабова Нелля Борисовна – председатель союза общественных объединений «Отечество», Шайдаева Гульнара Магомедовна – председатель ассоциации общественных объединений «Гражданская инициатива», Хадулаев Шамиль Мутайевич – руководитель регионального штаба Общероссийского общественного движении «Бессмертный полк России», Омаров Омар Нурутдинович – председатель общественной наблюдательной комиссии Российской Федерации по Республике Дагестан.

Информация об общественном совете при Минтруде РД размещена насайте bus.gov.ru, а также на своем официальном сайте – в специальносозданном разделе «Независимая оценка качества».Для повышения качества работы учреждений социального обслуживаниянаселения проводятся заседания Общественного совета при Минтруде РД, на которых

определяютсяосновные цели и стратегия проведения непосредственной оценки. В целях обеспечения открытости и доступности информации о деятельности подведомственных Минтруду РД учреждений социального обслуживания населения для граждан-получателей услуг обеспечено размещение на Официальном сайте в сети «Интернет» (www. bus.gov.ru) информации, установленной приказом Минфина России от 21 июля 2011 года № 86н. На официальном сайте Минтруда РД ( www . dagmintrud . ru ) размещены Перечень показателей оценки качества работы организаций социального обслуживания населения, рекомендуемых для использования при проведении независимой оценки качества и Перечень информации и документов, рекомендуемых к размещению организациями социального обслуживания на информационных стендах, в средствах массовой информации, сети «Интернет».

Также на указанном сайте размещен Примерный образец анкеты по анализу удовлетворенности качеством оказания социальных услуг в организациях социального обслуживания.

Общественным советом при Минтруде РД осуществляется мониторинг общественного мнения по вопросу качества социальных услуг, оказываемых учреждениями социального обслуживания населения Республики Дагестан, результаты которого обрабатываются и используются, в том числе при составлении независимого рейтинга таких учреждений.

На этапе проведения мониторинга качества оказания услуг, организацией-оператором будет осуществлен сбор, обобщение и анализ информации о качестве условий оказания услуг организациями социального обслуживания, в том числе посредством анкетирования работников организаций, опроса получателей услуг (общественного мнения), анализа мнений экспертов и открытых источников информации, сбор первичных данных и их обработка в соответствии с разработанными методами и методиками. Данный мониторинг предусматривает оценку условий оказания услуг по таким критериям, которые характеризуют открытость и доступность информации об организациисоциального обслуживания; комфортность условий предоставления социальных услуг, в том числе время ожидания предоставления услуг; доброжелательность, вежливость работников организации социального обслуживания; удовлетворенность качеством условий оказания услуг, а также доступность услуг для инвалидов.После завершения данного этапа общественным советом при Минтруде РД будет сформирован рейтинг учреждений социального обслуживания, а также подготовлены рекомендации по улучшению качества работы иустранению недостатков, выявленных в ходе независимой оценки качества в 2018 году.Кроме того, по итогам независимой оценки качества (в соответствии сподпунктом «в» пункта 4 Перечня поручений Президента Российской Федерации от 28 января 2017 года № Пр-161) Минтрудом РД принимаются решения, предусматривающие мероприятия, как по поощрению, так и привлечению к дисциплинарной (иной) ответственности руководителей организаций, занимающих высокие и низкие места в рейтингах.

В свою очередь, по итогам проведенной оценки в 2017 году приказом Минтруда РД учрежден переходящий кубок, для награждения организаций социального обслуживания, ставших лучшими, по результатам независимой оценки качества работы в соответствующем году. Так, в 2017 году переходящим кубком и почетной грамотой Минтруда РД награждены:комплексный центр социального обслуживания населения вмуниципальном образовании «город Кизляр», как лучший центр социальногообслуживания населения Республики Дагестан; социально-реабилитационный центр для несовершеннолетних (г. Махачкала),как лучшее учреждение социального обслуживания семьи и детей Республики Дагестан; дом-интернат для престарелых и инвалидов «Ветеран», как лучшее стационарное учреждение социального обслуживания населения Республики Дагестан. Данная работа будет продолжена и в 2018 году. В отношении учреждений социального обслуживания населения, имеющих наихудшие показатели по результатам проведенной в 2017 году оценки Минтрудом РД принято решение включить их в План проведения внеочередных проверок поставщиков социальных услуг на 2018 год. Мерами по устранению выявленных недостатков предполагаются: птимизация работы организаций социальной сферы (изменение с учетом пожеланий потребителей услуг графика работы специалистов организаций социальной сферы, их структурных подразделений, предоставление отдельныхуслуг); приобретение оборудования, мебели, инвентаря, техники; обеспечение доступности получения услуг, в том числе для инвалидов; благоустройство прилегающей к организации территории, организация парковочных стоянок, в том числе для инвалидов; мероприятия стимулирующего характера в отношении организаций, их руководителей и работников, учет результатов независимой оценки при установке выплат материального характера (установить соответствующими ведомственными актами в муниципальном образовании); повышение квалификации сотрудников организаций; ремонтные работы помещений, систем водоснабжения, электроснабжения, канализации, монтаж пожарно-охранной сигнализации, установка систем кондиционирования и вентиляции и другие. В целях дальнейшего развития сайта bus.gov.ru, являющегося единым информационным ресурсом системы независимой оценки качества, проводятся работы по привлечению к нему интереса пользователей, в том числе из числа потребителей услуг и совершенствования пользовательского интерфейса. Так, проводится работа по доработке функционала сайта bus.gov.ru, в том числе в части, касающейся обеспечения простоты и удобства пользования, упрощения системы поиска необходимой информации и создания для граждан возможности сформировать свою позицию после ознакомления с представленной в указанном разделе информацией. С этой целью на данном сайте: реализована возможность оставить отзыв на любой странице сайта bus.gov.ru; доработана форма отзыва посетителя о результатах независимой оценкикачества, размещенных на данном сайте; формируется информация о количестве посетителей и просмотров разделов независимой оценки качества; унифицированы поисковые механизмы. Одновременно с этим, в целях определения

состояния информированности граждан о ходе независимой оценки качества и привлечения их к участию в такой оценке Минтрудом РД проводится мониторинг посещения гражданами сайта bus.gov.ru с целью их ознакомления с результатами независимой оценки, а также отзывов граждан по итогам такого ознакомления. Информирование населения о проведении независимой оценки качества проводится публикациями в республиканских и муниципальных средствах массовой информации, на сайтах и в помещениях учреждений, в социальных сетях, а также выступлениями на телеканалах, видеосюжетами, радиорепортажами, размещением тематических пресс-релизов на официальных сайтах и порталах.

В целях увязки результатов труда соответствующих организаций с денежным вознаграждением их руководителей, в трудовые договора с директорами подведомственных Минтруду РД учреждений социального обслуживания населения в показатели эффективности работы включены результаты независимой оценки качества и выполнения плана по устранению недостатков, выявленных в ходе такой оценки.

Более того, расширены возможности официального сайта Минтруда РД www . dagmintrud . ru , а именно создана возможность: поиска информации об организациях в сфере культуры, охраны здоровья, образования и социального обслуживания, в отношении которых проводится независимая оценка качества, об операторе, о результатах независимой оценки качества, о должностных лицах, ответственных за размещение информации о результатах оценки на сайте bus.gov.ru; формирования, обработки, хранения, поиска и предоставления данных о независимой оценке качества в формате открытых данных; оставить гражданину отзыв о работе организаций в сфере культуры, охраны здоровья, образования и социального обслуживания, результатах независимой оценки качества и планах по устранению недостатков, размещенных на сайте bus.gov.ru. Результаты всей проведенной работы лягут в основу публичного отчета Главы Республики Дагестан, который будет представлен в Народное Собрание Республики Дагестан. Отчет Главы будет содержать информацию: об общественных советах по проведению независимой оценки качества (задачи и полномочия, состав); сведения об организациях, осуществляющих сбор и обобщение информации о качестве условий оказания услуг (номер государственного контракта, объем финансовых средств, выделенных на работу); информацию об организациях, подлежащих независимой оценке качества (общее количество, планируемый охват, наименования организаций, набравших наибольшее и наименьшее количество баллов); о результатах независимой оценки (основные результаты, численность респондентов, участвовавших в анкетировании, социологических опросах, основные недостатки, выявленные в ходе проведения оценки, предложения общественного совета по улучшению); о мерах по совершенствованию деятельности организаций; сведения об информационно-разъяснительной работе среди населения.Данный отчет будет рассматриваться с участием представителей Общественной палаты Республики Дагестан и общественных советов по независимой оценке качества в сфере культуры, охраны здоровья, образования, социального обслуживания. Предполагается, что по результатам рассмотрения данного отчета Народным Собранием Республики Дагестан будет принято решение, содержащее рекомендации Главе Республики Дагестан по улучшению работы соответствующих организаций. Публичный отчет о результатах независимой оценки качества и принимаемых мерах по совершенствованию деятельности указанных организаций будет размещен на официальном сайте Главы Республики Дагестан и на официальном сайте для размещения информации о государственных и муниципальных учреждениях в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет».Более того, результаты независимой оценки качества включены в Перечень показателей для оценки эффективности деятельности органов исполнительной власти субъектов Российской Федерации, и в текущем году данный показатель непосредственным образом повлияет на рейтинговую позицию Республики Дагестан среди регионов Российской Федерации.

С учетом изложенного, можно констатировать, что независимая оценка качества в Республике Дагестан как система и форма общественного контроля сформировалась, механизм повышения качества оказания услуг, заявленный 597 Указом Президента РФ, запушен и успешно функционирует. Для справки: независимая оценка качества в 2018 году проводится в отношении 1 233 организаций социальной сферы Республики Дагестан, в т.ч. в отношении: 52 организаций социального обслуживания населения Республики Дагестан; 112 медицинских организаций Республики Дагестан; 12 республиканских и 243 муниципальных организаций культуры Республики Дагестан; 54 республиканских и 760 муниципальных образовательных организаций Республики Дагестан.

**Комплексный центр социального обслуживания населения**

# Халкъазул цолъиялъул Къоялда



Араб анкьалда Рихьуни школалда историялъул учитель З. Лабазановалъул ва КТНДялъул учитель П. Асадулаевалъулги хIаракаталдалъун тIобитIана «Дагестан – цветущий край»,-абураб тIолгошколалъулго тадбир. Гьеб буссараб букIана Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул Къоялда.

Тадбиралда цIалдохъабаз жалго рихьизаруна унгоунгоял артистал гIадин, ахIана кучIдул, кьурдана, махщалида цIалана асарал. РакIалда хутIулеблъун букIана Надир-шагьасул хIакъалъуль цIалдохъабаз хIараб сценка. Гьениб бицунеб букIана магIарулазул бихьинчилъиялъул ва къохIехьеялъул. 2 «б» классалъул цIалдохъабаз бихьизабуна авар миллаталъул кьурди, 7 «а» классалъ ахIана Дагъистаналъул халкъазул кучIдул.

Ахиралда цIалдохъабаз баркала загьир гьабуна тадбир гIуцIиялъе кумек гьабурал М. ХIожолаевалъе ва ГI. Хьарагишиевалъе, тIолгодагъистаниязе гьарана талихI, сахлъи, рохел!.

*Божизе захIматаб: Аллагьасул хIалкIолъи*

## ГIалимзабаз рагьана тIабигIаталъул цо-цо балъголъаби

Ахирияб заманалда гIалимзабаз рагьараб тIабигIаталъул балъголъабаздасан цояб ккола «бидулаб чвахи»,- абураб лъадал иццц. Антрактидаялда гьединаб иццалъул хъвайхъвагIай гьабун букIана I9II соналдаго. Цебего лъалаан Тайлор гIоралда тIасан зама-заманалдасан гьацIукьералде свéрараб багIараб кьералъул лъамалъи букIин. Гьеб лъугьунеб буго цIамул тIагIам бугеб лъелъ железо букIиналъ окислениеги кьун,-ян чIезабун букIана цебе.

Амма гIажаибаб лъадал иццц батизе кIвечIо I00 сонидаса цIикIкIараб заманалдасан гурони. Колорадаялъул Аляскаялда бугеб университеталъул ва колледжаялъул цIех-рехаз гьеб балагьана радаралъул кумекалдалъун. ГIажаиблъизе тIамула гьел цIех-рехаз. ЦIорода жаниб батана киданиги жиб цIорolареб лъадал иццц. Цебе цIороль гьедин цIорочIого лъим букIунин абуралда щивниги божуларoан. Гьеб лъамаго чIеялда гIажаиблъи гьабулаан. Иццул лъим цIоролеб букIарабани цIоролъан чвахулеб лъим бакIинааницхха!

* * *

Гьединго 20II соналда Аляскаялда бугеб цо росуль ругел гIажаиблъизаруна гIобил кьераб, щибали лъалареб лъамалъиялъ. Гьеб цойгидаб дунялалдаса бачIараб бугин абурал харбал раккана интернеталда. ГIалимзабазул бахIсал гIодоре риччачIо гьеб заралиябищ, ай загьроябищ яги гьадингояб лъамалъийищ?,- абураб дагIбаялда. Гьел бачIинахъего цIерехазде лъугьана ва хIасил ккана мистическияб гуреб (ай тIабигIаталдаса къватIибехунисеб къуват бугеб, диниябрахъалъулаб гуреб).

ЛъагIалидасан цIех-рехчагIаз лъазабуна гьеб гIобилаб кьералъул лъамалъи бугин Chrysomyxa ledi гуреб. Цо рахъалъ гьеб лъамалъи зарал бугеб букIин чIезабуна, щибалъ гьутIби, херкIеч гIезе квал-квал гьабулеб буго, ай гьел паразитировать гьарулел руго. Лъазе кIолеб гьечIо кин баккарабали

**Дагьабго гьими**

## Бокьун батани, гьедин гьабила



Бихьинчи унев вуго хIалтIуде гьира сун, пикраби гьарулаго. «Директорлъун вахъунаро, хIалтIухь мухь цIикIкIинабуларо, премие кьоларо…»,-абун. Гьеса нахъа чIун вуго гIамалал хъвалев малаик ва киналго пикраби гьес хъвалел руго:

«Агьа, директорлъун вахъунаро... хIалтIухь мухь цIикIкинабуларо… премие кьоларо… Щай гьас кидаго цого жо гьарулеб? ЛъикI буго, гьедин бокьун батани, тIубазабила!».

## Пайдаяб малъи



**Хъарпуз ва гьелъул пурчIун.** Гьез кумек гьабула ургьисалаби сах гьаризе. Хъарпузалъул пурчIун бацIцIад гьабила ва бакъвазабила, цинги кофемолкаялъ хина. БахъичIеб рахьдалъ, I:I0 хIисаб гьабун, пурч1уналъул ханжу билъина. Сордоялъ тIокIк1ине тела. ТIоцебесеб нухалъ радал кваналалде гьекъела бацдаб стакан, хадусеб къоялъ 4-5 нухалъ кванда цебе гьекъела 50-I00 мл. Гьедин гьабуни, ургьисалаби чороклъиялдаса рацIцIалъула ва сахлъула.

**Хъайтмазил тIегьалъ (чистотел)** тIулал ва кванирукъалъул унтаби сах гьарула, ццидал ва тIолгокIващул нухал рацIцIад гьарула, циститалъе мадар гьабула.





**ЦIоралъул соно.** Гьелъул сокалъ би лъикIлъизабула, гемоглобин эхеде бахинабула, къуват кьола, хасго ихдал.

Нужеда рагIун букIаниц?

## КIвахIалазе кумекалъе

Нуж диваналда рехахъе руго, бокьун гьечIо рукъбакI бакIаризе, мусор рехизе, тIаде рахьине. Нужецаго пикру гьабун цебе чIезабе; дистанционнияб пульталъул кумекалдалъун мусор балеб ведро жибго бигьа гьабун нужеда аскIобе бачIунеб буго. АскIобго шура-хъурулеб буго швабра. Гьелъ жинцаго нилъ шуричIого чурула гIодоса бакI. ГIицIго рекъезабизе ккола гьеб джайсиналъул кумекалдалъун. Гьединаб техника къватIибе биччан буго Япониялъ.

Дунялалда кIвахIалзаби гIемерлъун руго, гьединлъидал гьел тIолабго континенталдаса хехго тIагIана. Россиялдаги гьельухъ ралагьун рикIкIен гIемерал руго. Бищунго захIматаб жо-кIвахIалзабаз гьелда хисизе ккола ункъго батарейка.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго цевегосев партиялъулгун советияв хIалтIухъан

**ГIадуев Ибрагьим**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьесул хъизанлъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Аллагьас гьесие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги!

**ЛЪАЗАБИ**

20I0 соналъул 26 июналда Шамильхъалаялъул МКОУялъ МухIамадмирзаева Наида ИсхIакъовналъул цIаралда кьураб 05 АБ 0025936 номералъул лъай кьеялъул аттестат билун буго.

Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 19. 9. 18 г. 16. 30 фактически -16. 45 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз.